



Yon ti gid sou Kredi pou Revni nan Travay Eta New York (New York State Earned Income Credit)

Ou gen dwa pou reklame kredi sa a si:

- kalifye pou epi ou te reklame kredi revni nan travay federal la, epi
- **pa** te reklame **Kredi pou Revni nan Travay Eta New York pou Paran ki p ap viv ak timoun nan** ak fòm IT-209 (disponib sèlman nan lang angle).

Pou jwenn plis enfòmasyon sou kalifikasyon pou kredi federal la, gade paj wèb IRS EITC a.

Nimewo idantifikasyon

Pou reklamasyon kredi apre 18 desanm 2015, ou dwe gen yon nimewo sekirite sosyal pou ou ak chak nan timoun ou ki kalifye yo avan dat limit deklarasyon an (ak pwolongasyon yo ladan).

Konbyen kredi a ye?

Kredi a egal la 30% kredi revni nan travay federal ki otorize pou ou a, redwi pa montan nenpòt kredi kay ou te reklame.

Pou w ka palike pou kredi sa a, oswa pou jwenn plis enfòmasyon, seegade Fòm IT-215, Claim for Earned Income Credit (Reklamasyon pou Kredi Revni nan Travay), akenstriksyon li yo (disponib sèlman nan lang angle).

Egzijans pou kenbe dosye

Si w ap reklame kredi sa a, ou bezwen pwouve ou te touche yon revni nan travay. Pa bliye kenbe bonjan dosye pandan tout ane a pou sa ou bezwen reklame kredi pou li a.

Si w ap travay ak tèt ou, w ap bezwen enfòmasyon sa yo:

- Rejis ak dosye ki montre revni nan biznis ak depans biznis la peye chak jou. Dosye yo dwe gen ase enfòmasyon pou detèmine kòrèkteman resi brit, depans biznis la, ak pri dacha byen ou yo ak envantè.
- Dokiman ki soutni sa ou mete nan rejis ak dosye yo, tankou resi nan kès, etatkont labank, fich depozit, chèk ki anile, fakti, fich lavant ak kat kredi, ak Fòm 1099-MISC.

Si ou pa ka bay dosye yo lè nou mande yo, ou p ap jwenn kredi.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou egzijans pou kenbe dosye, gade Fòm DTF-215, *Recordkeeping Suggestions for Self-employed Persons (Sijasyon pou moun k ap travay ak tèt yo ka kenbe dosye)* (disponib sèlman nan lang angle).

Nòt: Si kredi sa a plis pase kantite taks ou dwe a, y ap remèt ou balans la si ou se yon rezidan a tan konplè.